еркин қосық, насрый қосық, ақ қосық, эпифаниялар сыяқлы поэзиядағы аралық формалар шайырлардың талант дәрежесине, ең тийкарғысы, олардың тәбияты ҳәм тәбиятындағы өзине тән руўхый еркинликлердиң мүтәжи менен байланыслы болады. Ҳәр бир шайырдың дөретиўшилик мийрасында сөз жүдә баслы орынды тутады. Ҳақыйқый шайырлар сөзге итибар береди, сөзлерди жасартады. Шайыр сөзлер менен сөйлеседи, байланыста болады; зәрүр орынларда поэтикалық сөз қуўатынан күш алады. Шайырлар сөзлерди тәриплейди, сыпатлайды. Р.Парфийдиң «Сўзлар»(«Сөзлер»)атамасында еки қосығы бар. Ең баслысы, олардың бири форма көзқарасынан-ақ, қосыққа уқсайды. Қатарлардың избе-излиги, пафосы, ықшам уйқастың қолланылыўы, бирақ, өлшемниң еркин қойылыўы булардың барлығы еркин қосықтан дерек береди..

«Дарак гап – Инсон.
Ундов гап – Инсон!
Сўроқ гап – Инсон?
Яшамакни ўргатар сўзлар.
Баъзан кўксимизда ташиган жонни
Ташламакни ўргатар сўзлар.
Сўзлар керак, Бош ҳарфдан ёзилган.
Бош Ҳарфдан ёзилган сўзлар...» [3:208].

Итибар берилсе, шайыр орфографияға тән ноқат, үндеў ҳәм сораў белгиси сыяқлы диакритикалық белгилерди қосық көркемлигине хызмет еттиреди. Соның менен бирге, бас ҳәриплер ҳаққында сөз етилген орында өзбек тили орфографиясының қағыйдаларына қарама-қарсы сөздиң арасында «Бош» ҳәм «Ҳарф» сөзлерин үлкен ҳәрип менен жазады. Бундай өзине тән қәсийет қосық ықласбентиниң итибарын тартыўы ҳәм адам өз тилинен шығатуғын ҳәр бир сөзди ойлап сөйлеўи лазым екенин аңлатады. «Ассалому алайкум» – шайырдың жазыўына қарағанда, усы хош сөзлер менен таңлар атады. Ҳәм де шайырдың баянлаўына қарағанда «Хайрли тун» – усы сөзлер менен күн батады. Шайырдың формалық изленислери ҳаққында профессор Н.Раҳимжонов мынадай пикирлерди жазады: «Рауф Парфий сөздиң тымсалы мәни жилўаларын жүзеге шығарыўда, жаратыўда өзине тән қайталанбайтуғын ғәрезсиз жолға ийе болған шайыр. Ол халқымыздың жасы үлкенлердиң изинен жүрме, лекин олар излеген нәрсени сен де изле, деген ҳикметине әмел ететуғындай сезиледи. Шайыр жаңа формада жаңа гәп айтыў ушын тынымсыз изленер екен, ҳәр биримизге таныс сөзлердиң үстине жаңа ҳәм терең мәнислер жүклейди. Усы бағдарда Рауф Парфий қосық қатарларын сындырыўын жақсы көреди. Хош, бул нәрсе қосыққа зыян жеткизбейме? Қосықты әззи қылмай ма? Яқ, әлбетте. Себеби, бул нәрсе пикирдиң сыныўына, туйғылардың шашылыўына, мәнистиң жайылып кетиўине алып келмейди. Ең тийкарғысы, қосықта сөз сынбайды. Сөздиң көркем-эстетикалық тәсир күши, салмақлылығы артса артады, бирақ бүгилмейди, пәсеймейди» [2:37-38]. Бул орында шайырдың дөретиўшилигине ҳәм улыўма, шайыр дөретиўшилигиндеги еркин қосықларға тән «қосық қатарларын сындырыў» ҳәдийсесин айрықша талқыға тартады.

Лирикадағы аралық форманың, насырый қосық сыяқлы түрлеринде әпиўайы сөйлеў формасы жетекши болса, ақ қосық, еркин қосық, верлибр сыяқлы түрлеринде қатарлардың избе-излиги, бирақ олардың «сындырылған» көринислери басым келеди. Рауф Парфий өз дөретиўшилигинде ҳәзирги поэзияның аралық формасындағы үлгилерин усынар екен, ҳәр түрли усыллардан пайдаланады. Жоқарыдағы 1963-жылы жазған «Сўзлар» темасындағы ақ қосықта қатарларды сындырыў жолынан барған болса, кейин ала, яғный 1979-жылы жазған, әйне усы «Сўзлар» темасында жазған қосығында насыр қосыққа тән белги, баянлаў формасы үстемлик етеди. Ең тийкарғысы, шайыр бул дәўирге келип өз оқыўшыларына ийе ҳәм бирнеше китаплары баспадан шыққан дөретиўши сыпатында танылған болып, енди ол сөзлер менен және де еркинирек сөйлеседи, мүнәсибетте болады. Сөзлер оның ойында уйқылап жатқандай болады. Шайыр «Сўзларни ушлаб кўраман, тишлаб кўраман», деп жазады» [3:187]. Оның ойында уйқылап жатырған ески сөзлер «Түркистан» деген түсиникти береди. Шайырдың қосықларындағы идея – бул Ўатан дәрти. Шайыр бундай үлкен дәртти ҳәр түрли бағдарларда, гейде өлшем ҳәм уйқасқа түскен классикалық қосық формасында баянласа, гейде аралық формалардан өнимли пайдаланады.

Жуўмақлап айтқанымызда, белгили өзбек шайыры Рауф Парфий лирикасы формасы ҳәм мазмуны жағынан өзгешеликти пайда етеди.

**Әдебиятлар**

1. Назаров Б. Истиқлол даври ўзбек шеъриятининг манзаралари. // Мустақиллик даври ўзбек адабиёти (Адабий-танқидий мақолалар). – Тошкент: Ғафур Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2006.
2. Раҳимжонов Нўъмон. Энг гўзал сир (шеърият ва шахсият) // Рауф Парфи. Сакина. Сайланма. Китобга ёзилган сўзбоши. – Тошкент: "Muharrir", 2013.
3. Рауф Парфи. Сакина. Сайланма. – Тошкент: "Muharrir", 2013.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада ўзбек адабиётининг машҳур шоири Рауф Парфининг ижоди, айниқса, унинг оралиқ шаклдаги шеърларининг ўзига хос хусусиятлари тадқиқ этилди. Унда шоир ижодида кўзга ташланадиган бадиий маҳорат масалалари насрий ва эркин шеърий асарлари қиёсан таҳлил этилди.

**РЕЗЮМЕ**

В статье исследуется творчество известного узбекского поэта Рауфа Парфий, в особенности необычайности стихотворений поэта в рубежных формах. В сравнительной форме раскрыты художественное мастерство, творчество поэта на материале его свободных песен.

**SUMMARY**

This article explores the work of the famous Uzbek poet Rauf Parphiy, especially the extraordinary poems of the poet in frontier forms. The artistic mastery of the poet's creativity is revealed in a comparative form on the basis of his free songs.

## АРХАИКАЛЫҚ МИФЛЕРДИҢ ӘЙЙЕМГИ ДЕРЕКЛЕРИ ҲӘМ ХАЛЫҚ ДӘСТАНЛАРЫНДА ҚӘЛИПЛЕСИЎ ЖОЛЛАРЫ

**М.Есебаев** - *үлкен оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** достон, мифологик, сюжет, фольклор, образ, дев, пайғамбар.
**Ключевые слова:** эпос, миф, сюжет, фольклор, образ, мотив, великан, пророк.
**Key words**: epos, myth, plot, folklore, image, motive, giant, prophet.

Халық аўызеки дөретпелеринде халықтың қоршаған дүньяны билиўи, сол дәўирдиң шәрт-шараятларынан, адамлардың мийнети ҳәм турмыс тәжирийбелери дүньятаныўы, түсиниклери оғада әҳмийетли рол ойнаған. Миф, адамзат жәмийетиниң ең ертедеги басқышларына тийисли болып, олар қоршаған дүнья, әлем ҳаққындағы ең дәслепки пикирлерди баслап береди. Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде ең дәслеп

мифке түсиник берген илимпаз Н.Дәўқараев болды [1].

Ҳақыйқатында да, мифлердиң жүзеге шығыўында ертедеги адамлардың дүньяға көзқарасы, жәмийет ҳәм тәбият қублыслары ҳаққындағы түсиниклери тийкар болған. Адамлардың дүньяны, жәмийетти, тәбият қублысларын, аңлап түсиниўге болған урыныўлары тийкарында усы мифлер дөреген. Бирақ, ертедеги адамлар мифти қыял деп есаплаған. Оған оның ўақыясы менен мазмунына кәмил исенген. Мифте қыял бар деген түсиник бизлерде ғана, ал мифлик санадағы адам оны таза шынлық деп қабылланған [2].

Бул туўралы белгили илимпаз М.И.Стеблин Каменский былай деп жазады: «Миф дегенимиз – өзиниң пайда болып, өмир сүрген орталығында, қаншелли шынлыққа уқсамаса да ҳақыйқат деп қабылланған әңгиме» [3]. Көрип отырғанымыздай, ерте дәўирдеги ата – бабаларымыздың қоршаған дүнья, жаратылыс ҳаққындағы дөреткен ең дәслепки әңгимелериниң мазмуны усындай тийкарда болған. Ертедеги адамлар адамның туўылыўындағы биологиялық нәсил қалдырыўдың илимий тийкарларын түсинбегенликтен қуяш нуры, айдың сағымы, самал епкини, теңиздиң көбиги, ҳәр қыйлы мийўелер перзенттиң туўылыўына себепши болады деп исенген.

Белгили илимпаз В.М.Жирмунский илаҳий туўылыў мотивин партогенезис, ҳаяллардың сырлы, илаҳий ҳәмледар болыўы, яғный әййемги жаратылыслар менен избе-из байланыслы екенлигин айтады [4]. Жер жүзиндеги ең дәслепки адамлардың жаратылыўы ҳаққындағы мифлер дүньяның барлық халықларында ушырасады. Оларда адамның жаратылыўы ҳәр қыйлы көринисте сәўлелендирген.

Н.Маллаевтың илимий мийнетинде дүньяның жаратылысы ҳәм биринши адамның пайда болыўы ҳаққында былай деп келтириледи [5].

В.Я.Проптың тастыйықлаўынша, адамзат цивилизациясының ең төменги басқышында жасаған адамлар кароматлы туўылыўдың барлық түри де ҳақыйқат деп түсинген. Олардың исениминде ең дәслепки адамларды қудай ҳәм ярым қудайлар жаратқан. Кейин ала бул исенимлер өзгерип тәбияттың ҳәр қыйлы қублыслары, самал епкини, жаўын, суў, мийўе, өсимликлер ҳәм т.б. адамның туўылыўына себепши болады. Кейин ала қәўимниң тайпаның басшысы болған қәўендер тотемлерге ярым қудайлық сыпатлар бериледи, оларды адамның жаратыўшысы деп түсиниўшилик пайда болады. Бул көзқарастың шеңбери және де кеңейип, адамнан жаратылыўы (жаратыўшының әпиўайы ерли-зайыплар менен алмасыўы) ҳаққындағы исенимлер пайда болды. Және де ол: ең дәслеп кароматлы туўылыўға қудай ҳәм ярым қудайлар ғана ҳуқықлы болғанлығын, кейинирек бундай туўылыў қәўимниң түп бабасы, қәўендер қаҳарманлар, патшалар, императорларға да тән болған», [6, 5:83-85] - деп көрсетеди.

Халық аўызеки дөретиўшилигинен баслап жазба әдебияттағы мифологиялық көринислер, ең алды менен қуяш, ай, жулдыз, кейин ала сырлы ҳәдийселер ҳәм ҳайўанлар ҳаққында сөз болады. Усындай әййемги архаикалық көриниске ийе болған оның жыртқышлығы, түр-түсиниң жабайы келбети менен оның қәлесе ушып жүриўи, қәҳәри келгенде дүньяны астан кестен ете алатуғын күш қудиретке ийе болып ол соның менен бирге, адамкөр сыпатында сүўретленеди.Усындай образлардың бири «Дәў» образы болып табылады. Дәў образы «Архетеп» образларға киреди. Архетеп сөзи (грекше сөз болып) «ең дәслепки биринши образ» мәнисин билдиреди. Бул термин илимге биринши мәртебе швейцариялық алым К.Г.Юнг тәрепинен киргизиледи. «Сондай-ақ, мифологиялық образлардың әййемги көриниси болып, олардың өз ара бир-бирине тәсири ҳәм байланыслығы әййемги сананың жемиси спатында қарады ҳәм бул өз ара байланыслығын гәҳи аналогия, гәҳи биринши тәсир нәтийжесинде пайда болған басқа бир жаңа ҳәдийсе спатында баҳалады. Архетип ҳәр қандай жағдайда ҳәм мифологияны теориялық жақтан таллаўда пайдаланылатуған түсиниклер. Миф дөретиўшилик барысында архетиплердиң образға өсип өтиўинен басқа нәрсе емес» [7]. Бул процестиң нәтийжеси мифти жаратыўға алып келеди. Сол себепли архетип образлар мифология, дин ҳәм көркем өнердиң дереги болып есапланады. Дәў образы әййемги мифологиялық көринистеги ең биринши образлар болып ол мухаддес китапларда да сөз етиледи ҳәм аўызеки әдебиятымыздан да кең орын алды. Усындай дүньяның жаратылысы ҳаққында муққадес китаплардың бири «Авесто» да өз сәўлелениўин тапқан.

«Авесто» Орта Азия халықларының әййемги тарийхы, географиялық жайласыўы, халқымыздың, ата-бабаларымыздың мәдений үрп-әдетлери, олардың турмыс тәризиниң раўажланыўы, философиялық – эстетикалық, тәлим-тәрбия негизи тийкарындағы қараслары арқалы өзинде бай мағлыўматларды топлаған бул мухаддес естелик Шығыс халықларының көркем ойының өсиўинде айрықша орынды ийелейди. Бул мийнет түркий халықларының аўызеки көркем дөретиўшилиги дәслепки эпикалық дәстүрлериниң раўажланыўына «Авесто» шығармаларының сюжетлери, оның мотив ҳәм образлар системасы өзиниң үлкен салмақлы үлесин қосты.

Белгили илимпаз М.С.Стеблин Каменский былай деп жазады: «Миф дегенимиз – өзиниң пайда болып, өмир сүрген орталығында, қаншелли шынлыққа усамаса да ҳақыйқый деп қабылланған әңгиме» [13]. Адамзаттың жаратылысы ҳаққындағы ой-пикирлери күн сайын өсип, жаңа басқышларға қарай өзиниң эволюциялық раўажланыўында болды. Адамзаттың пайда болыўы ҳаққында көп ғана әпсана ҳәм ертеклерде, дәстанларда да келтириледи. Бир көзли, төрт көзли ҳәм көринислери ҳайўанлар түриндеги адамлар тымсалы пикиримиздиң сыпаты болып табылады.

Мысалы, греклердиң легендаларында былай бериледи: «Қудиретли күшли жер титанлардан басқа және дәўлерге де өмир берди: Маңлайында жалғыз көзи бар Циклоп – деп аталатуғын үш дәў, көринислери таўдай, елиў баслы, үш дәў, ҳәр бириниң жүз қолы бар «гекатонхейр» деп аталатуғын үш дәў дүньяға келеди. Олардың қорқынышлы күшине ҳеш нәрсе тең келе алмас еди, олардың қутырған күшиниң шеги жоқ еди…» [8]. Бул дәўлердиң көриниси ерте әййем заманлардағы архаикалық көриниси болып табылады.

Усындай әййемги көркем ойдың, инсан санасының күн сайын өсиўи нәтийжесинде мифлик көркем образлар аўызеки әдебиятында әпсана, ертек дәстанларымызда сол әййемги архаикалық дәўир көриниси менен енисип, оның сюжети, мазмуны жаңа идеялар менен толысыўына алып келди. Түркий халықлардың аўызеки көркем әдебиятына өз тәсирин тийгизди ҳәм онда архаикалық әййемги пикирлеўдиң жемиси сыпатында ғайрытәбийий образлар қәлиплести. Соның ишинде, түркий халақлары ертеклеринде бир көзли адам көриниси даўам еткен. Усындай сюжетлер қазақ халық ертеклеринде бул сюжет көбирек ушырасады. «Жалғыз көзли дәў» деп аталған қазақ халық ертегинде бир көзли адам дәў сыпатында талқы етиледи. Ертек қаҳарманы өзи билмеген ҳалда бир көзли дәўдиң сарайына келип қалады ҳәм ҳеш кимсиз болған бул жайды мәкан етип жүреди. Бир күни аўдан келсе, қатты уйықлап жатқанында көзине жер силкинген сыяқлы күшли шаўқымнан ояныы кетеди ҳәм де жалғыз көзли дәўди ушыратады [9].

Усындай мифлик сүўретлеўлер қарақалпақ халық ертеклеринде де ушырысады. Мысалы; «Жансап» атлы ертекте былай бериледи: Бурынғы өткен заманда үлкен

бир патшаның «Жансап» атлы жалғыз баласы болыпты. Жансап он бес жасына келгенде, қасына алты палўан ертип, кемели аң аўлаўға шығады. Теңизде балық услап, қус атып жүрген жеринен қубладан қатты даўыл болып, кемесин самал алты күн, алты түн қуўып, бир үлкен таўдың түбинен шығады. Теңиздиң айлана қыр дөгерегиниң барлығы таў екен «алты күннен бери ашпыз, бул жерде тамақ асып жейик» деп жетеўи таўдың басында тамақ писирип жейди. Сонынан қараса ылғый жарты бас, маңлайында жалғыз көзи бар, жарты аяқ адамлар буларды айлана орап алады…» [10].

Бул ертек сюжетлеринде ертедеги адамның жаратылысы, онадағы инсанлардың бир көзли болыўы, адамда қорқынышлы ҳалатты келтиреди ҳәм ерте әййемги миф көринислери әпсана, ертек ҳәм дәстанларымызға шекем жетип келгенлигин, олардың сюжетлик қурамына енисе баслағанын көрсетеди.

Қарақалпақ халық дәстаны «Қараман» дәстанында да усындай ғайрытәбийий образдағы сюжетлер ушырасып отырады. Мысалы;

Таймўас атлы хан өтти,
Патшалық дәўранын сүрди,
Бир жүз қатын алды,
Бес жүз елли жасады,
Ата деген бир тырнағы болмады.

Алты жүз елли жасында периден Зерда пери деген-ди алды, қырық жыл қослас болды. Зерда пери жүкли болды, айдарҳаның жүрегине жерип, он еки жыл курсақ көтерди. Қырық күн толғатады туўалмай. Ақылданалар ишин жарып баланы тири алады, анасы өлип кетеди. Баланың түр-бийнесин тәрийп етейин.

«Маңлайында жалғыз көз.»
Жүрегиңди жарғандай,
Балтырының ҳәр түги,
Сегиз тынлы арқандай,
Қәҳәр менен қараса,
Шаншылар түги бақандай,
Айбат шексе алыстан,
Қырық мың жығын қырғандай..,»[10]-деп келтиреди.

Дәстанның мазмуны ҳәм сюжетинен сондай жуўмақ шығарыў мүмкин, бир көзли адам мотиви түркий халықлар фольклорының әййемги тамырларына барып тақалады. Сондай-ақ, бул ғайрытәбийий көринислер көп жағдайларда унамсыз қаҳарманларға тийисли болып дәстанларда, ертеклерде өз сәўлелениўин тапқан.

Е.М.Мелитинскийдиң көрсетиўинше, қандай да бир затты оның пайда болыўы менен байланыстырыў, яғный жаратылысын түсиндириў, оның қалай пайда болғанын гүрриң етиў, айланаңы қоршаған дүньяны сыпатлаў-мифтиң тийкарғы белгилеринен есапланған [11]. Арадан көп дәўирлер өтип, адамзат жәмийетиниң ҳәм санасының раўажланыўы менен адамлар мифлик санадан әсте ақырын шығыса баслаған. Енди олардың дүнья, тәбият ҳаққындағы пикирлери бир қанша ўақыт өтип, қаншелли динлер пайда болып атырса да, адамлар турмысынан биротала түсип қала қоймаған.

«Жаңа пайда болған реал-ҳақыйқый сананың ески санаңы адамлар турмысынан ығыстырып шығарыў қолынан келмегенликтен бе, адамлар турмыстағы өзлери билмейтуғын нәмәлим қублыслардың сырларын сол себепли санада пайда болып атырған бослықлардың орнын бурыннан киятырған дәстүрли ески сананың күши менен толықтырыўға ҳәрекет еткен» [12]. Бул сюжетлер халық аўызеки әдебиятына ҳәр түрли көринислери менен кең орын алыўға ериcти. Бундай ертедеги әпсаналар сюжетинде көркем образлар өзиниң архаикалы шығысы менен кирип келди.

Н.Дәўқараевтың «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» деген мийнетинде «Қырық қыз» дәстаны мысалында былай келтиреди. Мысалы, «Қырық қыз» поэмасында оғада ерте заманларда жарыққа шыққан эпосларға характерли айға, күнге, жулдызға, отқа, суўға, таўға, арысланға, жолбарысқа тенеўлери көп гезлеседи. Поэмада қаҳарман қызларды:

«Айбатына қарасаң,
Арыслан да қорыққандай», -
«Түнги жарық жулдыздай,
Еки көзи жайнады»
«Қара бултты қақ жарып,
Аспанның жарық жулдызы
Жерге қарап аққандай..,»

дегенге қусаған теңеўлер менен сүўретлейди. Бул теңеўлер оғада ертедеги архаистлик түсиниктен қалған. Ҳәттеки жырдың бас қаҳарманлары Гүлайым, Арыслан, Алтынай, Отбасқанлардың атлары да усы архаистлик сөзлер менен байланыслы», [13] - деп көрсетеди. Мине, Дәўқараевтың көрсетиўинше, дәстанларда архаикалық элементлердиң бар екенлиги ҳаққында мысаллар арқалы келтиреди. Усы Дәўқараевтың пикирлерине толық қосылған ҳалда жоқарыда келтирилген мысалларымызды да тастыйықласақ болады.

Жуўмақлап айтқанда, дүньяның жаратылысы оның қәлиплесиўи әййемги көринислери архаик мифлердиң әййемги дереклери, элементлери арқалы сәўлеленип ҳәм бул көринислер дәўирлер өтип халық аўызеки әдебиятының үлгилери, әпсаналары, ертеклери, дәстанларына диффузияласып, мәлим өзгерислерге ушыраған ҳалда өз көринисин таўып, оның эстетикалық, руўхый талапларын қандырып оның көркем сюжетин байытты.

## Әдебиятлар


1. Дәўқараев. Н. Шығармаларының толық жыйнағы. – Нөкис: 1977. Т.2. 171-173-б.
2. Қасқабасов С. Қазақ халық прозасы, - Алматы: "Ғылым" 1984, 66-б.
3. Стеблин Каменский М. И. Миф. – Ленинград: 1976, 172-б.
4. Жирмунский В.В. Тюркский героический эпос. -Ленинград: "Наука", 1974, -С. 224-233.
5. Маллаев Н. Алишер Новоий ва халқ ижодиёти. -Тошкент: "Адабиёт санъат" нашриёти, 1974, 98-б.
6. Пропп В. Я. Мотив чудесного рождения. В. кн.: Фольклор и действительност. –Москва: "Наука", 1976, -С. 237.
7. Юнг К. Г. Архетип исимвол, изд. «Ренлссанс» СП «ИВО-СиД,» 1991, -С. 81.
8. Кун Н.А. Әййемги грецияның легендалары ҳәм мифлери. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990, 3-б.
9. Қазақ халық әдебияты. Көп томдық. -Алматы: «Жазыўшы», 1989, 232-б.
10. Қарақалпақ халық ертеклери. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997, 46-47-б.
11. Мелетинский Е.М. Поэтика мифа. – Москва: "Наука" 1976, 172-б.
12. Алламбергенов К. //«Қарақалпақстан муғаллими». 1995, № 3-4, 103-б.
13. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. Т. 2. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977, 278-279-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ достонлариниг поэтик тузилиши таркибида мифологик мотивларнинг ўрни ва унинг қўлланилиш сабаблари урганилди. Мифологик мотивлариниг достон сюжетида типологик ва бадий жиҳатдан аҳамияти ва яқинлиги қиёсий таҳлил қилинди. Архаик миф мотивларининг достон сюжетига ўтиши ва унинг сабаблари ўрганилди.



**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы взаимосвязанности поэтической структуры и мифических мотивов в народных эпосах каракалпаков и в сопостовительном плане изучаются их типологические и художественные особенности перехода мифологических мотивов в сюжет эпоса.



**SUMMARY**

The article deals with the problems of interrelation of poetic structure and mythical motives in national epos of Karakalpak people on the basis of comparative analysis are studied their typological and literary features of transferring of methological motives into the plot of the epos.